**O’zbekistan Respublikası Joqarı ha’m**
**Orta arnawlı bilim ministrligi**

**O’zbekstan Respublikası Awıl ha’m**
**Suw xojalıg’ı ministrligi**

**Tashkent ma’mleketlik agrar universiteti**
**No’kis filialı**

**«Agronomiya»** fakulteti

2-kurs **«Tog’ayshılıq ha’m xalıq jasaw orınların ko’klemzarlastırıw»**
ta’lim bag’darı

«Dendrologiya» pa’ninen

# Kurs jumısı

*Orınlag’an:* *Sitaev E.*

*Qabıllag’an:* *O’tenov T.*

# Jin’g’illilar tuqimlasi onin’ tuwisina sipatlama, tu’rleri, biologiyaliq, ekologiyaliq o’zgeshelikleri

## Reje:

**1. Kirisiw……………………………………………2-bet**

**2. Jin’g’illilar (Tamarixaceae) tuqimlasi...………..4-bet**

**3. Jin’g’il (Tamarix) tuwisi…………………………4-bet**

**4. Androsov jin’g’ili (T. Androsowii)……..………..4-bet**

**5. Siyrek shaqali jin’g’il (T. laxa)………...…………5-bet**

**6. bunge jin’g’ili (T. bungei)……………...………….6-bet**

**7. Jin’g’illardin’ qa’siyeti………..…….…………….7-bet**

**8. Jin’g’illar tarqaliwi…..………..…………….…7-bet**

**9. Jin’g’illardin’ a’hmiyeti……….….……………...7-bet**

**10.Jin’g’illardin’ tu’rleri menen tanisiw…….……..8-bet**

**11. Iyelegen maydani……………….……………..10-bet**

**12. A’debiyatlar……………………………..…..……11-bet**

# Kirisiw

Dendrologiya grekshe so'z bolip dendro a'gash-puta, logos-ilim yamasa pa'n degendi an'latadi. Tog'ay, tog'ay melioratsiyasi, mexanikaliq tog'aylar, ko'klemzarlastiriw pa'nlerin u'yreniwde ag'ash ha'm putalardi ha'r ta'repleme u'yreniw ahmiyetli waziypalardan bolip tabiladi. Sonin' ushin ag'ash, putalardin' sistematikasi, tirishilik formalari, morfologiyasi, biologiyasi jasaw muddeti, ko'beyiwi ortaliq penen qatnaslari jaqsi biliw talap etiledi. Ag'ash ha'm putalardin' sistematikaliq qurami o'simliklerdin' uliwma rawajlaniwina salistiriwda ju'da' az bo'limin tutadi. Ag'ash ha'm putalar qurami jag'inan az bolsada insan tirishiliginde olardin' ahmiyeti ju'da' u'lken. Misali; olardin' ag'ashi sanaatta ha'm awil xojalig'inda ha'r qiyli tarawlarda isletiledi. Olardan sellyuloza, qag'az, pa'ner, ku'kirt, mebel, qap, arqan h.t.b o'nimler islep shig'iladi. Ag'ash ha'm putalardi puqta u'yreniw olardi O'zbekstanda ko'p egiw u'lken ahmiyetke iye. Sebebi ha'zirgi bar tog'ayzarlar maydani Respublika territoriyasina salistirg'anda az protsentin tutadi. Sonin' ushin dendrologiya pa'nin rawajlandiriw, bunin' ushin tez o'setu'g'in o'simlik tu'rlerin tan'lap aliw, olardi ko'plep egiw ha'm tarqatiw ahmiyetli waziypalardan biri. O'simliklerdi watanimizda ta'biyg'iy jag'dayda o'sip atirg'an ag'ash ha'm putalar menen shet ellerden alip kelip introduktsiya etiw.Introduktsiya-sirrtan alinip otirg'iziw tog'ay qa'niygelerinin' ha'm introduktorlardin' aldinda to'mendegi waziypalar ju'klengen.

A. Barliq tog'aylardin' sanin ko'beytiriw ,sapasin jaqsilaw, a'ste o'setug'in ha'm sapasiz bolg'an ag'ash ha'm puta

tu’rlerinin’ tez o’setug’in ha’m ag’ashi sapali tu’rler menen almastiriw.

B. Tabiyattin’ qolaysiz sha’rayatlarina, sonnan qatti suwiqqa, jerdin’ shorina , issi ha’m qurg’aq hawag’a shidamli tu’rlerim ajiratiw.

C. Tu’rli ziyanli nasekomalar ha’m keselliklerge shidamli tu’rlerin aniqlae.

D. O’sirilip atirg’an o’simliklerdin’ ko’rkemli qa’siyetlerin, uzaq ha’m qisqa jasaw mu’ddetlerin aniqlaw , ko’klemzarlastiriw jumoslari ushin paydalanniw mu’mkin bolgan tu’rlerin tan’lap aliw.

Dendrologiya botanika pa’ninin’ bir tarawi bolip, onin’ menen birge rawajlanadi. Dendrologiya pa’ninin’ rawajlaniwinda Rus alimlarinan akademik T.E.Pallas, akademik E.F.Zuev, A.A.Nortov, A.T.Boltovlardin’ xizmetleri u’lken. Keyingi waqitlarda F.X.Chepotev, S.S.Pyatnitskiy, dendrologiya haqqindag’I oqiw kitaplari basip shig’arilg’an, basqa ko’pshilik alimlar ha’r qiyli ag’ash ha’m puta o’simlikler astinda ju’da’ ko’p jumislar alip baradi. O’zbekstanda dendrologiya pa’ni rawajlaniwinda belgili alimlardan akademik F.N.Rusanov, ilim doktorlarinan A.U.Usmanov, A.A.Hannazarov, A.Kayumov h.t.b. u’lken u’les qosti. Qaraqalpaqstan Respublikasinda da dendrologiya iliminin’ rawajlaniwina biologiya iliminin’ doktorlari S.I.Sagitov, S.K.Kabulov, ilim kondidatlari K.K.Dawlenbaev, T.O’tenov h.b. jumislar o’tkizdi.

# Jin’g’illilar (Tamarixaceae) tuqimlasi

Uzb-**Yulg’udoshlar**

Qq-**Jin’g’illilar**

Rus-**Тамарикси** yamasa **гребнишиклер**

Bul tuqimlastin’ en’ tiykarg’i tuwisi Jin’g’il tuwisi.

# Jin’g’il (Tamaricaceae) tuwisi

Jin’gildashlar tuqimlasina kiretug’in, puta ta’rizli ha’m terek ta’rizli o’simlikler tuwisimiz.

Puta siyaqlilarinin’ boyi 1-3 m bolip, terekleriniki bolsa 6-8 m.ge shekem baradi. Olardin’ japiraqlari qisqarg’an iyne ta’rizli yamasa mayda ten’geshe yaki qipiqsiyaqli boladi jas shaqalari menen qosip to’giledi. To’gilgen shaqalari duzlang’an bolip topiraqtin’ u’stki qatlamin qurg’atadi ha’m shorlandiradi. Ashiq pushti ya’ki qizil ren’li mayda gu’lleri shirayli ko’rkemli shen’geller payda etedi. Miywesi ko’p tuqimli, jetilgende 3-4 u’leske ajiraladi.

# Androsov jin’g’ili (T. Androsowii) tu’ri

Androsov jin’g’ilinin’ ta’biyg’iy tarqaliw territoriyalari shorlanbag’an ya’ki az mug’darda shorlang’an qum ya’ki barhonlar esaplanadi. Orayliq Aziyanin’ Zarafshan da’ryasi qa’dimgi tarmag’i ha’m og’an tutas bolg’an A’muwdaryanin’ vadiy bo’liminde ken’ tarqalg’an.

Ba’lentligi 8 m ge jetetug’in terek ya’ki puta. Jas shaqalarinin’ ren’i qaramtir, siypaq, qabatshalarg’a kem ajiratiwshan’; u’lken jastag’i shaqalari bolsa toq ku’l ren’de. 1 jasqtag’i paqallarinda japiraqlari ashiq jasil yamasa sarg’ish bolip paqallarin toliq qaplag’an. Jasil paqqallarinin’ japiraqlari oval siyaqli, uzin, ushli. Gu’lleri iri (6sm), shin’gillerge birikken, aq ya’ki ashiq-jasil tu’ste. Miywesi kishi (4-5sm) ajiraliwshi go’rek, ishinde 10 day tuqim boladi. Tek g’ana temir jol jag’alarindag’I qumlardi bekkemlew ushin egiledi. Orayliq Aziya ha’m Kavkaz arti mamleketlerinde qumli topiraqlarda qumdi bekkemlew ha’m ko’klemzarlastiriwda paydalaniladi.

## Siyrek shaqali jin’g’il (T. laxa Willd.) tu’ri

Orayliq Aziya ha’m Qazaqstan, Volga da’ryasinin’ to’mengi ag’imlarinda tarqalg’an. Birlemshi da’rya terrasalarinin’ joqari bo’liminde, sonin’day, sho’llerdin’ ishkerisinde ma’ka’n tapqan o’simlikler esaplanadi. Boyi 3 m.ge jetetug’in puta. Ag’ashinin’ qabig’I qizg’ish ya’ki qaramtir buyra ren’ ha’m ku’l ren’de boladi. Japiraqlari mayda (1-4mm). Uzinshaq, qaptallari tar plyonkasiman, o’tkir, romb formada, sarg’ish jasil ren’de. Gu’lleri buyra ya’ki jasil ren’de bolip, ba’ha’rde ashiladi.

Miyweleri 4mm g’ozasha. Ishinde 19 day tuqimlari boladi.

50 jilg’asha o’mir ko’redi. Suwiqqa shidamli. Qurg’aqshiliqqa ju’da’ ha’m shidamli. Shig’is Kavkazda ha’m

Rossiyanin’ Evropa bo’limi tegislliklerinde jaqsi o’sedi. Ko’klemzarlastiriwda ahmiyetke iye emes.

## Bunge jin’g’ili (T. Bungei)

Qa’dimgi ko’ller ya’ki ha’zirgi da’rya vodiylarinda jaylasqan qum jerlerde ushiraydi.

En’ ko’p tarqalg’an ma’kanlari shuqir bolmag’an qumliqlar, da’rya vodiylarinin’ ekilemshi terrasalari.

Ba’lentligi 6-7 metrge jetetin puta. Denesinin’ qabig’i ashiq tu’sli ashiq ku’lren’. Bir jasli shaqalardin’ japiraqlari kelte, enli, qulaqshali, paqalinin’ jartisin iyleydi, kelte o’tkir qirli, bu’gilgen; jasil shaqalardag’i japiraqlari oval siyaqli, buyra ren’ qurg’aq o’tkir tumsiqli. Jazdin’ birinshi yariminda qiyg’os gu’lleydi, qisqa waqit dawaminda. Gu’l sebetleri toq aqshil qizil ren’de, ortasha uzinliqta, jasil paqalinin’ ushqi bo’liminde jaylasip, onsha uzin bolmag’an enli, g’a’lle payda qiladi.

Miywesi u’sh qirli gozasha, 18 ge deyin tuqimi boladi. -28$^0$C bolg’an suwiqqa shidam beredi.

# Jin’g’illardin’ qa’siyetleri

Jin’g’il jariq su’yer; qurg’aqshiliqqa, shorli jerge, suw basqan jayda uzaq waqit jasawg’a shidamli o’simlik. Tez o’sedi: tuximi, tamiri, ba’shki ha’m qa’lemshelerinen ko’beyedi.

# Jin’g’illardin’ tarqaliw ortalig’i

G’a’rezsiz Ma’mleketler Awqaminda 25 tu’ri o’sedi. Orta Aziyada ha’m Qazaqstannin’ sho’l ha’m shala sho’l regionlarinda ushiraydi. Bul tu’rlerden 12 O’zbekstanda o’sedi. O’zbekstanda en’ ko’p tarqalg’an wa’killerinen to’mendegiler:

Androsov jin’g’ili (Tamarix androsowii),

Siyrek shaqali jin’g’il (T. Laxa),

Bunge jin’g’ili (T. Bungei)

# Jin’g’illardin’ ahmiyeti

Jin’g’ildan otin sipatinda paydalaniladi. Onin’ shaqalarinan sebetshe ha’m korzinka toqiladi. Qabig’inda boyaw ha’m ashlaw ushin isletiletug’in zatlar bar. Jin’g’il jaqsi pal beriwshi o’simlik, qabig’inanan bir 1 jilliq shaqalarinan ha’m japiraqlarinan iylewshi zatlar alinadi, ko’rkemli o’simlik sipatinda ahmiyetke iye. Olardin’ ishinde ko’rkemliligi menen to’mendegileri ajiralip turadi:

# Jin’g’illardin’ tu’rleri menen tanisiw




-ko’p shaqali jin’g’il (Tamarix ramosisima Ldb); +



-siyrek shaqali jin’g’il (T. laxa Wield);+

-shovits jin’g’ili (T. Szovintsiana Bge); -



-Bunge jin’g’ili (T. Bungei boiss ); +



-Shozinqaq jin’g’il (T. elohgta Ldb); +

-Androsov jin’g’ili (T. androsowii Litw.); -



-Gulleytug’in jin’g’il (T. florida B ge). +

Birinshi u’sh tu’rleri qumlardi agrotog’ay-melioratsiyalaw-da paydalaniladi. Qalg’anlari ha’zirshe kem u’yrenilgen. Biraq N.Rusanov olardi qumliq jerlerde jetistiriwde usinis etiledi. Joqarida ko’rsetilgen jin’g’ildin’ tu’rleri ko’rkemliligi boyinsha o’z-ara jaqsi pariqlanadi.

## Iyelegen maydani

O’zbekstanda jin’g’illardin’ maydani 250 min’ gektar bolsa, Turkmenstanda 1,5 mln gektar maydandi iyeleydi. Tiykarinan qumli sho’llerdin’ tog’aylarinda oypatliqlar yamasa tegis jerlerde ku’shli shorlang’an topiraqlarda ko’plegen jag’daylarda da’ryalardin’ eski saylarinda yamasa qurig’an ko’llerdin’ ultaninda ta’biyg’iy jag’dayda o’sedi.

# Paydalang’an a’debiyatlar

1. A.K Qayimov, E.T Brdiev, (A. Turopov) H.F Hamroev,

   S.A. Turdiev

   “Dendrologiya” Fanidan amaliy mashg’ulatlar ushun o’quv qo’llanma. Toshkent-2014

2. A. Usmanov “Dendrologiya” 1974-jil.